



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 19 desanm 2012

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU METE DRAPO YO A DEMI-MA

Gouvènè Andrew M. Cuomo mande pou drapo sou bilding gouvènman nan eta a flote a demi-ma vandredi 21 desanm 2012 pou onore yon solda ki soti Baldwin eki mouri 14 desanm nan Pwovens Logar, Afghanistan.

Sèjan premye klas Kevin E. Lipari, 39 te afekte nan Katye Jeneral ak Konpayi Komandman 173yèm Airborne Brigade Combat Team lan, baze nan Bamberg, Almay

“Onon tout Nouyokè, map prezante tout senpati nou bay zanmi, fanmi ak solda kamarad Sèjan 1ye Klas Lipari,” te di Gouvènè Cuomo. “Nou regrèt lanmo li men nap toujou sonje epi onore sèvis li rann nasyon nou an ak devouman li pou ranpli devwa li.”

Gouvènè Cuomo mande pou drapo sou tout bilding leta yo bese a demi-ma nan lonè ak pou rann omaj pou manm lame nou yo ak sila yo ki nan pos Nouyok yo te touye ouben ki mouri nan yon zon batay..

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418